

DANJE PENTI ABAZ PLON NAN KAY LA

Sa lokatè yo dwe konnen sou dwa yo ak responsabilite yo



Plon se yon pwazon ou jwenn souvan nan penti ki ansyen. Penti abaz plon, ak pousyè li vin tounen an, se sous anpwazònman plon ki pi kouran kay timoun. Anpwazònman plon ka lakòz pwoblèm pou timoun yo aprann ak pwoblèm nan konpòtman yo. Yo entèdi moun itilize penti abaz plon nan bilding rezidansyèl nan Vil New York nan lane 1960. Bilding ki te bati anvan 1960 yo ka gen penti abaz plon toujou sou mi yo, fenèt yo, rebò fenèt yo, pòt yo ak lòt sifas. Si penti kòmanse dekalè oswa reparasyon kay yo ap fèt yon fason danjere, penti abaz plon ak pousyè plon ka gaye lakay ou. Lè timoun yo mete men yo ak jwèt yo nan bouch yo, yo ka vale pousyè plon.

Gen lwa ak sèvis nan Vil New York pou ede pwoteje timoun yo kont anpwazònman plon. Pwopriyetè yo dwe idantifye ak ranje danje penti abaz plon nan apatman kote timoun laj 5 lane oswa pi piti abite oswa pase regilyèman 10 èdtan pa semèn oswa plis. Lwa sa yo aplikab si bilding lan gen twa (3) oswa plis apatman epi li te konstwi avan 1960 (oswa ant 1960 ak 1978 si pwopriyetè a konnen bilding lan gen penti abaz plon).



LI ENPÒTAN POU LOKATÈ YO KONNEN DWA AK RESPONSABLITE YO.

PWOPRIYETÈ YO dwe:

- Verifye si nenpòt timoun laj 5 lane oswa pi piti abite oswa pase regilyèman 10 èdtan pa semèn oswa plis nan bilding lan epi enspekte apatman sa yo chak ane pou danje penti abaz plon.
- Repare danje ak pwoblèm penti abaz plon nan tout apatman pou lwe yo, epi sa gen ladann kay pou youn (1) ak de (2) fanmi yo, avan yon nouvo lokatè antre.
- Sèvi ak pratik travay ki pa danjere epi ak travayè ki fòme lè ou ap rezoud pwoblèm danje penti abaz plon ak lè ou ap fè travay reparasyon jeneral ki vin gaye penti abaz plon an.
- Itilize konpayi ki gen sètifikasyon Ajans Pwoteksyon Anviwònman Etazini (EPA, Environmental Protection Agency) lè ou ap retire plis pase 100 mètr kare penti abaz plon, ou ap ranplase fenèt oswa travay pou elimine sitasyon pou vyolasyon Depatman Konsèvasyon ak Devlopman Lojman (HPD, Housing Preservation and Development) Vil New York te ba ou.

LOKATÈ YO dwe:

- Ranpli epi retounen avi anyèl yo resevwa nan men pwopriyetè yo. Fòm sa a endike pwopriyetè a si nenpòt timoun abite nan apatman an oswa pase tan ladan regilyèman.
- Avèti pwopriyetè a alekri si yo gen yon tibebe oswa si yon timoun laj 5 lane oswa mwens vin abite oswa kòmanse pase regilyèman 10 èdtan pa semèn oswa plis nan apatman an.

PRATIK KI SAN DANJE GEN LADAN:



Afiche siy avètisman yo deyò espas travay la.



Deplase ak kouvri tout mèb epi bouche planche yo, pòt yo, ak lòt ouvèti yo ak plastik avèk adezif enpèmeyab.



Netwaye espas travay la chak jou ak swa mòp ki mouye oswa yon vakyòm HEPA, epi netwaye mòp mouye a ANSANM ak vakyòm HEPA a apre travay la fini.



Fè yon moun ki fòme pran tès lenjèt anti-pousyè apre travay la fini pou garanti nivo pousyè plon an pa danjere epi bay lokatè a yon kopi rezilta yo.

Pwopriyetè yo ak kontraktè yo pa dwe JANM grate oswa sable asèk penti abaz plon.



KISA OU KA FÈ POU PWOTEJE TIMOUN OU KONT PENTI ABAZ PLON

- Si ou wè penti ap dekale, fann oswa detache nan apatman ou, di pwopriyetè a sa. Si pwopriyetè ou an pa regle pwoblèm penti k ap dekale a oswa si ou panse reparasyon an pa te fèt san danje, rele 311 pou mande yon enspeksyon gratis.
- Lave planche, rebò fenèt, men, jwèt ak sousèt yo souvan.
- Raple doktè ou pou li teste timoun ou pou anpwazònman plon lè li gen 1 lane ak 2 lane. Mande doktè a enfòmasyon sou tès pou timoun ki pi gran yo. Si ou pa gen yon doktè, rele 311 pou konnen ki kote pou timoun ou fè tès la.



EDE EVITE ANPWAZÒNMAN PLON. RELE 311 POU:

- Pote plent pou pratik travay ki fèt yon fason danjere.
- Jwenn plis enfòmasyon sou fason pou evite anpwazònman plon.
- Kòmande yon tisak tès plon gratis pou dlo pou bwè. Ou pral resevwa rezilta yo nan 30 jou apre ou soumèt echantiyon dlo a.
- Jwenn ki kote pou fè teste ak trete timoun ou pou anpwazònman plon.
- Kòmande plis kopi dokiman sa a oswa lòt materyèl sou prevansyon anpwazònman plon.

Pwopriyetè bilding ki gen plizyè lojman yo (twa (3) oswa plis apatman) dwe bay lokatè yo dokiman sa a lè yo siyen yon kontra-lwaye oswa antre nan yon apatman si yo te konstwi bilding lan avan 1960 (oswa ant 1960 ak 1978 si pwopriyetè a konnen bilding lan gen penti abaz plon). Dokiman sa a gen enfòmasyon jiridik debaz ladann epi yo ba ou li sèlman pou li ka fasilite ou. Pou jwenn yon kopi lwa ak règ aplikab yo, ale nan nyc.gov/hpd epi chèche "**lead poisoning**" (**anpwazònman plon**).

Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason pou evite anpwazònman plon, ale sou nyc.gov/leadfree.

Sa se yon vèsyon tiliv Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York lan ki kapab enprime ki gen tit "Danje Penti Abaz Plon nan kay la".